

Si W Pa Kapab Viv Lakay Ou Apre Tanpèt Twopikal Helene

Release Date: Feb 25, 2025

Release Number: 031

Asistans FEMA ka ede pwopriyetè kay ak lokatè yo ki pa ka retounen lakay yo paske Tanpèt Twopikal Helene te andomaje yo. Apre yon enspeksyon kay, ou ka kalifye pou asistans pou lokasyon. Sa a aplike pou aplikan ki nan otèl FEMA ki peye kounye a ak pou moun ki te deja resevwa Asistans pou Deplasman.

Asistans pou Deplasman

Asistans pou Deplasman se yon peman yon sèl fwa pou ede ak bezwen pou lojman imedyat. Si ou te itilize Asistans pou Deplasman ou a epi ou toujou gen bezwen pou lojman, ou ka mande FEMA pou Asistans Lwaye lè w rele FEMA nan 800-621-3362 oswa vizite yon Sant Rekiperasyon Dezas a [Sant Rekiperasyon Dezas](#).

Asistans pou Lwaye

Asistans pou Lwaye ka ede pwopriyetè ak lokatè yo peye pou yon kote pou yo rete pandan y ap fè reparasyon oswa yo jwenn lojman pèmanan. Lwaye w la kapab yon kay, yon apatman oswa yon machin lwazi. Asistans la ka gen ladan sèvis piblik tankou elektrisite ak dlo. Premye prim pou Asistans pou Lwaye a ka kouvri jiska de (2) mwa lwaye. Apre premye prim lan, aplikan yo ka kontakte FEMA epi mande Asistans pou Lwaye Kontinye.

Asistans pou Lwaye Kontinye

Pou kontinye resevwa asistans pou lwaye, ou dwe pwouve yon bezwen kontinyèl, ki gendwa ke lojman apwopriye pa disponib. Si w gen entansyon chèche èd pou lwaye sou yon baz kontinyèl, w ap bezwen resi pou montre w te itilize asistans la pou lwaye a. Sivivan yo ta dwe kenbe resi yo pou twazan (3).

Ou ka kalifye pou asistans kontinyèl si ou:



FEMA

Page 1 of 2

- Demontre ou gen bezwen finansye ki gen rapò ak dezaz;
- Montre w ap devlope yon plan pou lojman alontèm. Estimasyon yon kontraktè pou reparasyon yo ka montre pwogrè.

Si yo te apwouve w okòmansman pou asistans pou lwaye, nòmalman yo voye yon aplikasyon pou asistans pou kontinye lwaye ba moun k ap resevwa asistans pou lwaye a nan 15 jou apre yo fin apwouve sibvansyon an. Si w pa resevwa youn, tanpri kontakte FEMA lè w rele 800-621-3362 oswa vizite yon sant rekipirasyon pou katastwòf. Ou ka jwenn lè ak kote yo sou [FEMA.gov/drc](https://www.fema.gov/drc) oswa voye tèks DRC ak Kòd Postal ou a nan 43362.

Li enpòtan pou w rete an kontak ak FEMA konsènan bezwen w yo, epi pou w reponn apèl ak lòt kominikasyon ki soti nan FEMA, enkli apèl ki soti andeyò Kòd Zòn ou a.



FEMA

Page 2 of 2